

KOMINIKE POU LAPRES

Ayisyen toupatou, Ayisyen nan Florid, nou bite nou pa tonbe. Jodi-a se nou, demen se va yo! Lè sa-a, lakwa lanmò se douvan pòt yo lap ye!

Kidonk, nou bite ansanm, n'ap leve ansanm. Lè lavalas pèp-la pase, lap bwote tout ipokrit, tout rat mòde soufle, tout fo lidè, tout kriminèl, tout reyaksyonè, tout kandida d'è grenn gòch ki gen foli pouvwa.

Pou sa fèt, fòk nou òganize-n, fòk nou kenbe mobilizasyon-an tenfass, kinalaganach, sou tout fòm, nan tout sans.

Se pou sa **KOALISYON LAREZISTANS** nan Miyami ap òganize youn kokenn chenn maraton, youn **MARATON LAREZISTANS** paske: fòk nou ede sak tonbeandan yo, fòk nou soutni tout òganizasyon k'ap travay pou diyite nou, fòk nou ede delegasyon k'ap monte desann pou fè demach, fòk nou kenbe presyon sou ekip awousa ki sot fè kadejak sou pouvwa pèp-la, fòk nou soutnirezistans pèp-la an Ayiti, fòk nou ede Prezidan Aristide tounen sou pouvwa-a.

MARATON LAREZISTANS-la ap fèt dimanch 27 oktòb 1991, 8è di maten pou 8è diswa.

Notre Dame d'Haiti nan Miyami, **Haiti Market** ak **Marco Photo Studio** nan Ft. Lauderdale, **Sant Katolik Ayisyen** nan West Palm Beach ak **Legliz Sacré-Coeur** nan Homestead ak **Jano Lorlinal** nan Pompano.

Ayisyen toupatou, leve kanpe, vini pote kontribisyon-w, nenpòt sa-l ye-a.

youn sèl nou fèb, ansanm nou fò, ansanm ansanm nou se **LAVALAS**.

Pou Koalisyon-an, Marleine Bastien ak Gepsie Metellus